# Нур

6+

ISSN 0207 - 6551

3

2015





# Нэхущ шу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ, Хэку зауэшхуэм и ветеран, щІэныгъэлІ Нало Ахьмэдхъан зымыцІыху, и лэжьыгъэхэм щымыгъуазэ ди щІыналъэм къыгъуэтэгъуейуэ къыщІэкІынщ. Илъэс щэ ныкъуэм щIигъукІэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щригъэджащ, адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и кафедрэм я доценту щытащ.

Урысей Федерацэм и ТхакІуэхэм я союзым хэт Нало Ахьмэдхъан Хьэмырзэ и къуэр ди лъэпкъым и цІыху пажэхэм ящыщщ.

Нало Ахьмэдхъан Хэку зауэшхуэм лІыхъужьыгъэ ин зэрихьэу хэтащ. Абы къэрал дамыгъэ зыбжанэ къратащ – Хэку зауэ орденым и 1-нэ, 2-нэ нагъыщэхэр, «Александр Невский», «Вагъуэ плъыжь» орденхэр, СССР-м и медалу 14, Полышэм ейуэ зы.

XX лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэхэм хапъхуа, абы и гугъуехь псори дэзыгъэва, тхыгъэ гукъинэжхэмкІэ лъэпкъ литературэм и тхыдэм хэбэкъуа Нало Ахьмэдхъан къикІуа гъуэгуанэр гукъэкІыжхэмкІэ гъэнщІащ, ахэр гъащІэм и пэжыр зи лъабжьэ защІэщ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, «Нэхущ шу», «Псы Іуфэм Іут унэ цІыкІу» романхэр, «Къэрэгъул зэблэкІыгъуэ», «Бжьэр къэпщІащ», «Пшэплъ жыжьэхэр» повестхэр, «Псыхьэ нанэ», «Жыгей жьауэм», «Хэку», «Хамэ хэкум», «Псы зэпрыкІыпІэ» рассказхэр, фельетон, новеллэ, хъыбар, гушыІэ пщІы бжыгъэхэр, нэгъуэщІ куэдхэри. Дэ дыщогугъ ахэм къытращІыкІа телефильмхэр, спектаклхэр ягъэувыну.

Филологхэм, егъэджакІуэхэм, журналистхэм я щІэблэ зыбжанэ зыгъэса нэхъыжьхэм ящыщщ Нало Ахьмэдхъан, абы илъэныкъуэкІи фІыщІэшхуэ хуэфащэщ.

***ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд***

***КЪАГЪЫРМЭС Борис***

# Зауэлlым и псылъэ



Илъэс щэщlиlэ щlым щlэлъауэ
Цlыкlухэм псылъэ къагъуэтащ.
Псощ ар, зауэми къелауэ,
Псы итари зэритащ.
Сыпlейтейуэ, соплъыр псылъэм,
Си гум жеlэ: «Хэт урей?
Псэууэ тету пlэрэ щlылъэм,
Е lэщlыб ищlа дунейр?
Къыщелатэм Курп лъагапlэм,
Уэ абы укъигъэнэнт?
Хуэмыхъуатэм абдеж лlапlэ,
Псылъэм псыри къринэнт?..»
Хэмыщlами псылъэм итым,
Сигу, слъэмыкlыу, сфlыхегъэщl…
Хэкум папщlэ гъащlэр зытым,
Лlа нэужькlи, куэд къегъэщl.
А зауэлlыр дымыцlыхуми,
Щlэлъщ и псылъэр школ музейм.
Абы кlуауэ щеплъкlэ цlыхухэр
Щlогупсысыр мис ар зейм.
Я гущlэгъум щlыгъущ тхьэрыlуэр –
Хуэфэщэну псэр зытам…
А зауэлlым мыр къыджиlэу
Хуэдэщ псылъэр къыдита:
«Солlэр сэ. Си цlэ къудеи
Къытезнэфыркъым дунейм,
Къэвмыщlэнкlэ хъунщ сызейри…
Мис си псылъэр, псы фыхуейм.
Зывгъэбыдэ, фигу сщlэгъуамэ.
Си псэр схъумэу сикlуэтынт?!
Сэ аргуэру стын хуей хъуамэ,
Хэкум папщlэ гъащlэр стынт».
Зэхызохыр сэ а макъыр,
Гур а макъым дыхолъэт.
Псылъэр зей зауэлlыр лlакъым, –
Псэухэм ноби ар къытхэтщ!

# Анэм папщIэ

*Суворов Александр и гукъэкIыж*

Суворов Сашэ илъэс пщыкIутI щрикъум, тыгъэу шы къыхуащIащ. Абы цIэуэ Серко фIищащ. Сашэ зыми дзыхь хуимыщIу езыр шым кIэлъыплъырт: игъашхэрт, псафэ ишэрт, игъэкъабзэрт. Абы пщэдджыжьым жьыуэ шым уанэ трилъхьэурэ губгъуэм, джабэхэм къыщижыхьырт, псыежэхым зэгъусэу зэпрысыкIхэрт. Алхуэдэу зэкIэрымыкIыурэ Серкорэ Сашэрэ зэсащ.

Зэгуэрым Сашэ и анэр сымаджэ хъуащ. Сэбэп хуэхъун хущхъуэ унэм щIэлътэкъым. Гъунэгъу къуажэм нэмыцэ дохутыр дэсти, Сашэ къышэну тегушхуэри Серко уанэр трилъхьащ. Гъуэгур шынагъуэти, я закъуэу зыри гъуэгу техьэртэкъым. Ар мэзымкIэ кIуэцIрыкIырт, абы адэкIэ дыгъужьхэр зыдэс къуэ нэф удыхьэн хуейт. Пэжщ, къыпэпкIухь хъунут, ауэ итIанэ гъуэгур хуэдиплIкIэ нэхъ кIыхь хъурт.

Пшапэр зэхэуэрт, анэр нэхъри лъэрымыхь щыхъум, пIэщIэн хуейт. Адэм и кIэрахъуэр, и къамэр, чнутI кIыхь къыздищтэри Сашэ ежьащ. Абы и пэкIэ Сашэ зэи Iэщэ имыIыгъами, зэрауэдыр илъэгъуати, хуей хъумэ игъэуэфыну къыщыхъуащ.

Сашэ шым зридзэри пщIантIэм дэжащ. Абы губгъуэр къызэринэкIащ, гъуэгур нэхъ кIэщI ищIын папщIэ псыми зэпрыкIащ. ИтIанэ мэзым щIэлъадащ. Мазэм абы и гъуэгур игъэнэхурт. Сашэ зыщIыпIэкIи зыщиплъыхьыртэкъым. Шыри зэрыгузавэр зыхищIэрти едэхащIэурэ еIущащэрт:

- Умыгузавэ, Серко, умыгузавэ. Дэ дынэсын хуейщ.

Асыхьэтым дыгъужь къугъ макъ къэIуащ. Сашэ кIэрахъуэ уэздар къигъэхьэзырауэ, дыгъужьхэр къуацэ-чыцэм къыхэжащ.

- Нажэ уэ, Серко! Нажэ, псынщIэу, - игъэпIащIэрт шыр Сашэ.

Шыр зэщIэкIэзызащ. Ар щызыхищIэм езы Саши къэшынащ, ауэ гъуэгум триIуэнтIыкI хъунутэкъым. Къуэ нэфыр зэпыбулщIмэ, дохутырыр щыпсэур жыжьэтэкъым.

Дыгъужьхэр шым бгъурыту къажэурэ хуэм-хуэмурэ къыбгъэдэкIуатэрт. Мазэгъэунэхум къыхэщырт абыхэм я дзэлыфэ тIахэр.

- Умылъэпэрапэ закъуэ, си псэм хуэдэ Серко! – егъэIуэрт шым Сашэ.

Къуэ лъащIэм щежэх псым щынэсым, нэхъ дыгъужь ин дыдэр шым къыбгъурыхутащ. Сашэ кIэрахъуэр кърипхъуэтри дыгъужьым еуащ. Ар къуэм щыдэджэразэм, адрейхэр къэувыIэжащ.

Абы хэту Сашэ щхьэгъубжэ нэхухэр къилъэгъуащ.





Нэмыцэ дохутырыр лапщэурэ шыгум итIысхьащ, хущхъуэхэр зыдэлъ пхъуантэр иIыгъыу. МафIэ зыIыгъ шухэри абыхэм гъусэ къахуэхъуащ. Сашэ сыт хуэдизрэ къемылъэIуами шыгум яхуитIысхьэн идакъым. Иджы абы гъуэгур фIэшынагъуэжтэкъым. Псоми ягъэщIагъуэрт Сашэ зэрымышынэр. Къуэ куум укIауэ дэлъ дыгъужьыр абыхэм ярипъэлъэгъуащ. Унэм щынэсыжам унэIут хьыджэбзхэр къапежьащ:

- ПсынщIэу, гуащэр сымаджэщ.

Дохутырым пIащIэрыщIэу хущхъуэ зэхищIэри анэм ирихьэлIащ. Пщэдджыжьым нэху къыщекIам анэр нэхъыфI хъуат.

*ЗэзыдзэкIар **КЪУЭДЗОКЪУЭ** Фатимэщ*

**НАФIЭДЗ Ирэ** Налшык 77-нэ сабий садым и гъэсэнщ, къэфэным дехьэх.



**ДЖЭТАУЭ Альфред** Химки къалэм и 26-нэ школым фIыуэ щоджэ, 1-нэ классщ.





**ЖЫЛЭТЭЖ Инал** Аргудан 2-нэ курыт школым и 1-нэ классым щIэсщ, щIэтIысхьа къудейми жыджэру йоджэ, гурыхуэ дыдэщ, таурыхъхэм едэIуэн фIэфIщ.



**СЭБАНШЫ Мансур** Бахъсэн 2-нэ прогимназием и гъэсэнщ.



**МЫКIУЭ Даянэ** Кэнжэ 20-нэ сабий садым и гъэсэнщ.

**ГУЭБЭЛ Залинэ** Налшык 41-нэ прогимназием и гъэсэнщ, сурэт ищIыну фIэфIщ.





# Ныбжьыщ1эхэм емышу яхуэусэ



*Усак1уэ Щоджэн Леонид мы гъэм и ныбжьыр илъэс 80 ирикъуащ. Ар Бахъсэн куейм хыхьэ Куба къуажэм къыщалъхуащ. Абы щеджащ. Ди университетыр къиуха нэужь, къуажэхэм, къалэхэм егъэджак1уэу, иужьк1э университетым щылэжьащ.*

*Щоджэн Леонид КъБР-м культурэмк1э щ1ыхь зи1э и лэжьак1уэщ.*

*Леонид тхылъ куэд къыдигъэк1ащ. Абы и тхыгъэхэм я нэхъыбап1эри зыхуэгъэзар ныбжьыщ1эхэрщ.*

*Псалъэхэр ЩОДЖЭН Леонид,*
*Макъамэр ЖЫЛАУ Арсен яйщ.*

## Дыгъэ



Къуршым дыгъэ къытепса?
Къытепсащ.
Дыгъэм уэсыр игъэтк1уа?
Игъэтк1уащ.
Тк1уэпсу хъуар зэхыхьа?
Зэхыхьащ.
Зэхыхьахэр псы хъужа?
Псы хъужащ.

Псыбэм жыгхэр ягъэнщ1а?
Ягъэнщ1ащ.
Жыгхэр дахэу къагъэк1а?
Къагъэк1ащ.
Жыгхэм бзухэр къеуэса?
Къеуэсащ.
Псыхъуэм псэщ1э къыхыхьэ?
Къыхыхьащ.

Ат1э ар зи ф1ыщ1эр хэт?
Ат1э ар зи ф1ыщ1эр хэт?
Ар зи ф1ыщ1эр дыгъэращ,
Дауи, дыгъэращ,
Дыгъэ дыщэращ.





# Киноактрисэ Кlуэкlуэ Тамарэ

Адыгэ киноактрисэ Кlуэкlуэ Тамарэ Хэкущхуэм къыщацlыху. Ар Налшык къалэ къыщалъхуащ. Школ нэужьым 1953 гъэм щlэтlысхьауэ щытащ Москва дэт Луначарскэм и цlэр зезыхьэ театральнэ институтым. Тамарэ абы щеджэу кином джэгун щыщlидзащ. Роль игъэзащlэхэр гъэщlэгъуэнт, зэмыщхьт. Езы Тамарэ нэхъ гукъинэж щыхъуахэм ящыщщ 1957 гъэм «Грузия-фильм» киностудием щытраха «Фатима» жыхуиlэм роль нэхъыщхьэ щигъэзэщlар. А фильмыр къытращlыкlат осетин усакlуэ цlэрыlуэ Хетагуров Коста  и поэмэм. Роль игъэзэщlар егъэлеяуэ гугъуми, Тамарэ хузэфlэкlащ бгырыс цlыхубз щыпкъэм икlи зэкlужым и гъащlэр нэсу къигъэлъэгъуэныр. А лэжьыгъэр фlыуэ къехъулlауэ къилъытэри Москва Кинофестивалым абы саугъэт къыхуигъэфэщащ. Хамэ къэрал куэдми «Фатима» фильмыр ящэхуауэ щытащ. Кlуэкlуэм и диплом лэжьыгъэр зытриухуауэ щытар аращ. Цlэрыlуэ хъуа адыгэ киноактрисэр ди къэралым и щlыпlэ куадым, хамэ къэралхэм ирагъэблэгъащ.

1957 гъэм республикэм игъэлъапlэрт Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъур. Москва щекlуэкlырт литературэм, искусствэм я декадэ, концертхэр, творческэ пшыхьхэр. Москва Театр Иным щекlуэкlа иужьрей концертыр Кlуэкlуэ Тамарэ иригъэкlуэкlыну къыхуагъэфэщауэ щытащ.

Сыт хуэдэ лэжьыгъэ пэрымытами, кином щыджэгуныр Тамарэ зэи lэщlыб ищlакъым. Псори зэхэту Тамарэ фильм тlощlым роль нэхъыщхьэхэр щигъэзэщlащ. Ар нэхъыбэрэ зыдэлэжьар Азие Курытымрэ Кавказымрэ я киностудиехэрщ. Ташкент щытраха «Хамза» фильмым щигъэзэщlащ Зульфия и образыр. Ар теухуат узбек лъэпкъым япэ дыдэу къыхэкlа актрисэм и гъащlэм.  Апхуэдэуи гукъинэжщ «Уи гум еупщl», «Быдапlэм и щэхур», «Рояль хужь», «Вагъуэхэрункlыфlыркъым» жыхуиlэу ар щыджэгуа кинохэр, нэгъуэщlхэри. Дэтхэнэ ролри абы игъэзэщlащ гумрэ псэмрэ ехуэбылlэу, дыхьэу.

Кlуэкlуэ Тамарэ Союзпсо кинофестивалым (1959) и лауреатщ, 1971 гъэм РСФСР-м и щlыхь зиlэ артист цlэ лъапlэр къыфlащауэ щытащ.

*Зыгъэхьэзырар* ***МАЛЕЙ Фатимэщ***













*ГЪУБЖОКЪУЭ Лиуан*

# ГЪАТХЭПЭ

Гъатхэпэщ,
Къошхыр уэшх,
Къабзабзэу гуфIэ нэпсу.
Насып абы егуэш,
ВагъэщIэм и псэм нэсу.
ЩIэжьейхэр губгъуэм дож,
Дунейр яфIэщIэщыгъуэу,
Къаз ширхэр зэрыдош,
Къаз анэм ядэщIыгъуу.

Ди ныджэр щIигъэнащ
ЩхъуантIагъэ алэрыбгъум...
Уэрэдыр къыхидзащ
Гъатхэпэ псыхьэлыгъуэм.
Жыг къэскIэ къуалэбзур
НэщхъыфIэхэу щоусэ,
Иджы ууейщ чэзур –
ЗадэщI абы, си усэ.



*Гъатхэпэ (март)* мазэм – уэдыбэ мазэкIэ еджэу щытащ. Гъэрэ щIырэ щызэхэкI мазэщ. Илъэсыщ Iэр къыихьэу адыгэхэм щалъытэр гъатхэм и деж махуэмрэ жэщымрэ зэхуэдиз щыхъурщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, гъатхэпэ (март) мазэм и 21 – 22-м ирихьэлIэнущ. А жэщым Вагъуэбэр щIым къыхокI. Апхуэдэу щыщыткIэ, щIым дыгъэпсыр, хуабэр хохьэ, абы дунейр, удзыщIэ цIыкIухэр къегъэуш. Махуэр нэхъ кIыхь мэхъу, абы зеузэщI, псори зэщIоушэ.

Жэщымрэ махуэмрэ зэхуэдиз зэрыхъуар къращIэу адыгэ къуажэхэм нэщэнэхэр яIэт.

МафIащхьэтыхь тхьэлъэIур адыгэ унагъуэ псоми ящI.

Гъэрэ щIырэ щызэхэкIым деж мафIащхьэджэд яукIырт, гъэмкIэ, унагъуэмкIэ фIыщ, жаIэрти.

Гъатхэпэ уэгъурэ бадзэуэгъуэ уэлбанэрэ, жаIэ.

*Зыгъэхьэзырар* ***СЭРАЛЪП Зэремэщ***



*ХЬЭТУ Пётр*

# Гъатхэ

Мес йосыхыр пшэхэр
Кхъуафэжьейуэ…
Гъатхэ дахэм
Хэт щымыгугъар?
Ныджэм тезу
Иужьгъа джэдджьейуэ, –
Къэгъэгъащ къэрабэр,
Къэгъэгъащ!
Нэ къуэлэнхэм,
Нащхъуэм,
Уеблэм фlыцlэм
Гъуэжьыр, удзыфафэр
Щlэлъэдащ…
Гъатхэ! Гъатхэ!..
Дэнкlи щоlу уи фlыцlэр, –
Зэбграх ар
Бзу къалъэтэжам.

# Iэнэ щысыкlэ

– Данэ,
Дэнэ ущыlа?
– Нанэ деж
Сыщыхьэщlащ.
– Нанэ сытхэр
Уигъэшха?
– Хущlэ пlастlэ,
Адакъэщlэ,
Къалмыкъ шей,
Къуэйплъыжь,
Шатэщlэ…
– Зэуэ пшха-тlэ
Уэ а къомыр?
– Хьэуэ, мамэ,
Тlэкlурэ хуэму…
Сымыпlащlэу
Себгъэсащ, –
Iэнэм дахэу
Сыщысащ.



# Къэрабэхэр

Зыхищlати хуабэр,
Къэгъэгъащ къэрабэр.
Феплъ, иджы телъыджэу
Ягъэбжьыфlэ ныджэр.
Дади къызжиlауэ,
Сощlэ сэ куэд щlауэ:
Икъухьахэр щыгъэу
И шыр цlыкlухэщ дыгъэм.
Нобэ си альбомым
Исщlыхьат зыкъоми,
«Пэжщ, – жиlащ ди нани, –
Ещхьыркъэпсщ я анэм».

# Сабийм ехьэлIа адыгэ нэщэнэхэр



Гущэм балигъ ирагъэтIысхьэртэкъым, фIыкъым жаIэрти, итIысхьами «си жей къызонэ», жиIэу къикIыжын хуейт.

Сабий жейм ба хуэпщIмэ, зыгъэгусэрей мэхъу, жаIэрт.

Сабий къалъхуар гущэм хамыпхэ щIыкIэ джэду хапхэрт, сабийр гъыринэ мыхъун папщIэ.

Сабийр и закъуэу къыщIанэу щыщIэкIым и деж, гущэм жыхапхъэ ираупсейрт.

Сабий цIыкIур къызэралъхуу и нэр къигъэплъамэ, Iущ хъунущ, жаIэ.

Сабийм и дзыгъуэщхьэцыр зыупсам ещхь мэхъу, жаIэрт.

Сабийм и лъэгум ущIэуэмэ, зекIуэгъуей мэхъу, жаIэрт.



Сабийр жейуэ дыхьэшхмэ, шейтIаным егъэдыхьэшх, жаIэрт.

Сабийр куэдрэ умыгъэдыхьэшх – гъыжынущ, жаIэрт.

Сабийр мэрем пшыхьым ягъэпскIыртэкъым.

Сабийр цIыхуищым зэIэпахыну фIыкъым, жаIэрт.

Сабийр гъуджэ ибгъаплъэмэ, дзэ къэкIыгъуей мэхъу, жаIэрт.

Сабийр хущхьэрей хъуамэ, нэ техуащ, жаIэрт.

Дунейм къытехьа сабийр и адэм ещхьу щытмэ, гущэм хапхэн ипэ къихуэу и джанэр щахырти ягъэсырт – тIуми гъащIэ кIыхь яIэн папщIэ. Абы къыдэкIуэуи, адэм и джанэр зэгъэдзэкIауэ, и гупэр и щIыбу, и щхьэр и лъабжьэу хуадыжырт.

Зы жэщ-махуэм сабий зиIэ хъуа анэхэр махуэ плIыщIкIэ зэрылъагъуртэкъым, сабийхэр къуий хъунущ, жаIэрти.

Гъунэгъум япэу сабийр щрахьэкIкIэ зыгуэр кърамыту (зы джадыкIэ нэхъ мыхъуми) къагъэкIуэжыртэкъым, къуий мэхъу, жаIэрти.

*Зыгъэхьэзырар* ***СЭРАЛЪП Заремэщ***

# ДЭ КЪЫТХУАТХ

Еджакlуэ ныбжьыщlэ **АМЩОКЪУЭ Iэсхьэд** анэдэлъхубзэм къабзэу, дахэу иропсалъэ. Абы «Нур» журналыр щlеджыкl, езыми усэхэр, тхыгъэ кlэщl цlыкlухэр зэхелъхьэ. Анэхэм ятеухуауэ абы иджыблагъэ «Нур» журналым къигъэхьа тхыгъэм щетх: «Псоми я гум дохьэр псалъэ дахэу «мамэ»-р», «Мызэшыжу къытхуэгуапэщ, Мызэшыжу къытхуэщабэщ, Жэщи махуэ тхьэщымыкl, Дысымаджэм, ткlэрымыкl». Тхыгъэм и кlэухыу Iэсхьэд анэхэм псалъэ гуапэхэмкlэ йохъуэхъу: «Щlэрэщlэну анэ гъащlэр, Нэхъ мащlэну я гукъеуэр! Щыпсэуну куэдрэ-куэдрэ дунеишхуэм анэу щыlэр!»

*Налшык къ., 17-нэ курыт еджапlэ, 4-нэ класс.*

«Налшык къалэ дэс си адэ шыпхъу Къущхьэ Хьэлимэт фэгъэцlыхуну сыхуейщ. Ар тыкуэнтету илъэс щэщlкlэ щытхъухэр иlэу лэжьащ. Ар адэ шыпхъу гуапэщ, анэшхуэ гумащlэщ. Хьэлимэт сыт щыгъуи цlыху нэжэгужэщ, нэщхъыфlэщ, сабийхэр фlыщэу ельагъу. Урокхэм сыщеджэкlэ къызгурымыlуэхэмкlэ къыздоlэпыкъу. Сэ сыхуейщ Хьэлимэт узыншэну, гъащlэ кlыхь иlэну, махуэшхуэ куэд илъагъуну», – *жеlэ Зеикъуэ къажэ дэс, илъэсипщl зи ныбжь* ***КЪУЭДЗОКЪУЭ Тамерлан.***

Сурэтхэр и Iэдакъэщlэкlщ Налшык и 24-нэ школым и еджакlуэ ***МЭЛЕЙ Андемыркъан.***









«Дэ «Нур» журнал цlыкlумкlэ дехъуэхъуну дыхуейщ ди анэшхуэ Афэщlагъуэ Зое. Ар уэрэдусщ, сабийхэм, балигъхэм усэхэр яхуетх, сурэтыщlщ. Дэ Зое сыт щыгъуи дегъэгушхуэ, хъыбар щlэщыгъуэхэр къыджеlэ, джэгукlэ гъэщlэгъуэнхэр къытхуегупсыс! Узыншэу куэдрэ тхурепсэу, и мурад дахэхэр Тхьэм къригъэхъулlэ» жыдоlэ дэ Зое щхьэкlэ» – *къатх Хьэтlохъущыкъуей къуажэ щыпсэухэу* ***АФЭЩIАГЪУЭХЭ Альберт, Алинэ, Аскэр, Дианэ, Iэдэм, Аминэ*** *сымэ.*








# Бжьыпэр яубыдащ

Сочэ къалэм пэмыжыжьэу щыIэ «Дагомыс» спорткомплексым иджыблагъэ щекIуэкIащ ныбжьыщIэхэм футболымкIэ я дунейпсо зэхьэзэхуэ. Я ныбжьыр илъэси 8-м щыщIэдзауэ 16-м нэсу абы хэтащ Урысей Федерацэмрэ Къэрал Щхьэхуитхэм я Зэныбжьэгъуныгъэм хыхьэ къэралхэмрэ я командэ 70-м щIигъу.

2001 гъэм къалъхуахэм я деж Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр щихъумащ «Налшык-Спартакым» и гъэсэнхэм. Футболист цIэрыIуэу щыта Дзэмыхь Анзор зи тренер нэхъыщхьэ гупым я хьэрхуэрэгъу псори зэхьэзэхуэм щыхагъэщIащ. КIэух зэIущIэм ди щIалэщIэхэр хэфIэкIащ Шэшэным икIа «Рамзан» футбол академием и футболистхэм.

Дзэмыхьым и гъэсэнхэм зэхьэзэхуэм фIы дыдэу зыкъыщагъэлъэгъуащ икIи яхуэфащэ дыдэу япэ увыпIэр яубыдащ. Къищынэмыщlауэ, «Налшык-Спартакым» щыджэгу Асанов Астемыр зэпеуэм топ нэхъыбэ дыдэ щыдигъэкIащ икIи абы саугъэт щхьэхуэ къыхуагъэфэщащ.

***ЖЫЛАСЭ Заур***

*Сурэтым:* «Налшык-Спартак» ныбжьыщIэ гупымрэ абыхэм я гъэсакIуэхэмрэ.








ПСАЛЪЭЗЭБЛЭДЗ

# Адыгэ тхакIуэхэр, усакIуэхэр




*УпщIэхэр:* 1. Хэку зауэшхуэм лIыхъужьыгъэ щигъэлъагъуэу хэта усакIуэ цIэрыIуэм и цIэр. 2. «Нанэ» усэ цIэрыIуэр зи Iэдакъэщ|экI. 3. ЦIыхубэ усакIуэ Бещтокъуэм зэреджэр. 4. ЦIыхубэ усакIуэ Щомахуэ Амырхъан и усэ цIэрыIуэ. 5. Нартан къуажэ зи фэеплъырэ музейрэ дэт усакIуэ дадэм зэреджэр. 6. «Псыхъэ нанэ» рассказыр зи Iэдакъэщ|экI тхакIуэм зэреджэр. 7. Зэрагъыж курыт еджапIэм и цIэр зезыхьэ тхакIуэм и лъэпкъыцIэр. 8. УсакIуэ АфIэунэ Лиуан щалъхуа къуажэ. 9. ЦIыхубэ усакIуэ Тхьэгъэзит Зубер щалъхуа куей.










*Жэуапхэр пэжмэ, къэхыу фыкъеджэнщ тхакIуэшхуэ, усакIуэшхуэ КIыщокъуэ Алим сабийхэм папщIэ итха псысэм и цIэм.*

*УпщIэхэр къыфтехьэлъэмэ, сурэтхэр, нэхъыжьхэм я чэнджэщхэр къэвгъэсэбэп.*

*Зыгъэхьэзырар* ***ДЫКЪУЭ Бэчщ.***



# «Нурым» и гъуджэ



**АЛЭЩ Альбинэ** Налшык 66-нэ прогимназием щӀэсщ, 4-нэ классщ, фӀыуэ йоджэ, сурэт ищӀыну фӀэфӀщ.


НУР

*Ежемесячный литературно-художественный журнал для детей*

Издается
С 1 января 1982 года
№3 2015г.

Учредители:
Госком КБР по печати и массовым коммуникациям – издатель,
360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Общественная организация «Союз писателей КБР».

Главный редактор
**Б.ГЕДГАФОВ**

Редколлегия:
**А.АБАЗОВ**
**А.БИЦУЕВ**
**Х.КАРМОКОВ**

Художественный редактор
**Л.ПАРОЕВА**

Свидетельство о регистрации №
ПИ № ТУ07–00103 от 24 декабря 2014 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по КБР.

Подписано к печати
27.02.2015 г.
Выход в свет
31.03.2015 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага офсетная №1
Гарнитура ShoolBook, Arial Cyr
Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7
Тираж 3000
В розницу – цена свободная
Заказ № 31
Индекс 73912

Адрес редакции:
360000,Нальчик,
ул. Головко, 6
42-75-30, 42-17-53

Отпечатано
ООО «Тетраграф»
г.Нальчик, ул. Ленина,33